

Jezi Kri Seyè a ap tounen talè konsa. Se yon pwomès li te fè lè li te sou tè a sa gen plis pase 2 000 lane (Jan 14:1-3). Kijan nou kapab konnen si li ap retounen tout bon vre? Annou li pawòl Seyè Jezi ki gen pou rive nan tan lafen an. Yon ti lekti de ekriti yo, konparezon yo ak evènman k’ap pase nan mond lan kounya pwouve ke Seyè Jezi ap tounen tout bon vre yon lòt fwa nan tan n’ap viv la.

1 TANP LAN GEN POU’L KRAZE
Antan Jezi t’ap soti nan tanp lan youn nan disip li yo pwoche bò kote l’ yo t’ap moutre l’ ki jan tanp lan te byen fèt. Yo di l’ konsa: Mèt, gade! Ala de bèl wòch! Ala yon gwo batiman! Jezi reponn li: Ou wè gwo batiman sa a yon lè pap gen wòch k’ap rete kanpe youn sou lòt ladan li. Tout sa pral kraze nèt vide atè (Matye 24:1-2; Mak 13:1-2; Lik 21:5-6). **Se yon pwofesi kite ekri sa gen plis pase 70 lane aprè Jezikri e ki gen pou akonpli**

2 MALÈ KI GEN POU RIVE ANVAN LAFEN
Jezi te chita sou mòn Oliv la anfas ak tanp lan. Disip Pyè, Jak, Jan ak Andre te pou kont yo avèk li yo poze l’ kesyon sa a: Mèt di nou ki lè bagay sa yo va rive? Ak ki siy na va konnen lè w’ap vini, lè tan sa a va fini nèt? (Matye 24:3; Mak 13:3-4; Lik 21:7).

3 RIZE YO GEN POU PARÈT
Jezi di yo: Veye zo nou pou okenn moun pa twonpe nou. Anpil moun gen pou yo vini sou non mwen. Yo gen pou yo di se yo menm ki Kris la ou ankò jou a rive. Yo va twonpe anpil moun. Piga nou kouri mache dèyè yo (Matye 24:4-5; Mak 13:5-6; Lik 21:8).

4 LAGÈ AK NOUVÈL LAGÈ
Lè na va tandè lagè ansanm ak nouvèl lagè ak revolasyon k’ap fèt, nou pa bezwen pè. Fòk bagay sa

yo rive anvan men se pap ko lafen an sa (Matye 24:6; Mak 13:7; Lik 21:9).

5 LAGÈ | TRANBLEMANN TÈ | GRANGOU | MALADI
Li di yo anko: Yon pèp va goumen ak yon lòt pèp, yon peyi va atake yon lòt peyi. Va gen gwo tranblemann tè nan divès kote, va gen grangou ak epidemi. Lè sa a, va gen gwo kokenn chenn siy k’ap parèt nan syèl la (Matye 24:7; Mak 13:8; Lik 21:10-11).

6 Tou sa, se va tankou tranche anvan akouchman (Matye 24:8; Mak 13:8).

7 MOMAN PÈSEKISYON KRETYEN YO
Kenbe kò nou. Men anvan tout sa, y’ap pran nou, y’ap lage nou nan men moun k’ap fè nou pase touman, y’ap trennen nou douvan tribinal, y’ap bat nou nan sinagòg yo, y’ap arete nou, y’ap maltrete nou, y’ap mete nou nan prizon, y’ap touye nou, n’ap parèt douvan chèf gouvènman ak douvan wa poutèt mwen pou nou ka sèvi m’ temwen douvan yo (Matye 24:9; Mak 13:9; Lik 21:12-13).

8 Lè ya arete nou pou yo mennen nou douvan tribinal, piga nou kase tèt nou pou nou chache konnen davans sa na pral di. Men, na di pawòl ki va vini nan bouch nou paske lè sa a, se pa nou menm ki va pale se Lespri Bondye ki va mete pawòl yo nan bouch nou. Konsa, nan moun ki nan kont avèk nou yo, yo youn pap ka kenbe tèt ak nou ni yo pap kapab demanti sa na di (Mak 13:11; Lik 21:14-15).

9 RAYISANS NAN MITAN FANMI
Anpil moun pral jwenn okazyon pou yo tonbe nan peche. Frè va denonse frè pou fè touye li, papa va denonse pitit, pwòp fanmi nou ak bon zanmi nou ki

va denonse nou, pitit va leve kont manman ak papa li, la fè touye yo. Tout moun pral rayi nou pou tèt mwen. Men, pa gen yon grenn chive nan tèt nou k’ap rache men moun ki va kenbe fèm jouk sa kaba se li ki va sove (Matye 24:9-10; Mak 13:12-13; Lik 21:16-19).

10 PAP GEN RENMEN
Ap si tèlman gen mechanste sou latè, pi fò moun pap renmen youn lòt men, moun ki va kenbe fèm jouk sa kaba, se li ki va delivre (Matye 24:12-13).

11 Fòk pawòl Bondye a gaye toupatou sou latè bay tout nasyon yo pou tout moun ka tandè mesaj la. Se lè sa a atò lafen an va rive (Matye 24:14; Mak 13:10).


12 KONSTÈNASYON NAN LAVIL JERIZALÈM
Lè na wè yon bann lame ap sènen lavil Jerizalèm toupatou, na konnen lè sa a yo prèt pou kraze li nèt (Lik 21:20). Pwofèt Danyèl te pale sou bagay k’ap bay gwo lapenn. Nou gen pou nou wè bagay sa a chita kote ki rezève nan tanp lan apa pou Bondye (se pou moun k’ap li a chache konprann). Lè sa a, tout moun ki nan peyi Jide pral blije sove al nan mòn, moun ki va sou tèt kay yo, yo pap bezwen antre pran zafè yo nan kay la. Moun ki nan jaden pap bezwen tounen lakay yo al pran rechanj (Matye 24:15-18; Mak 13:14-16; Lik 17:31; 21:21). Lè sa a, se pa de doule k’ap genyen pou fanm ansent ak nouris yo! Lapriye Bondye pou jou na gen pou nou kouri a pa rive ni nan tan fredy, ni jou Saba (Matye 24:19-20; Mak 13:17-18; Lik 21:23). Y’ap touye yo ak epe, y’ap mete men sou yo, y’ap depòte yo nan tout lòt peyi. Pou lavil Jerizalèm lan menm, moun lòt nasyon yo gen pou yo foule li anba pye yo jouk tan dèlè yo ba yo a va bout (Lik 21:24).

13 LATWOUBLAY NAN TAN JAKÒB
(Jeremi 30:6-7)
Lè sa a, va gen gwo lafliksyon moun poko janm wè depi nan koumansman lè Bondye t’ap kreye latè jouk koulye a. Pap janm gen yon lòt tankou l’ ankò. Si Bondye pat deside wete kèk jou sou jou sa yo, okenn moun pa t’ap sove. Men, li wete sou jou sa yo pou tèt moun li chwazi pou la ak li yo (Matye 24:21-22; Mak 13:19-20; Lik 21:23). Jou sa yo, se va chatiman lè tou sa ki te ekri nan Liv la pral rive (Lik 21:22).

14 FO KRIS AK FO PWOFE
Si yon moun di nou : *Gade, men Kris la bò isit*, osinon *Gade, men li lotbò a!* Pa kwè li. Lè sa a, gen fo kris ak fo pwofèt k’ap parèt yo va fè mèvèy ak mirak pou twonpe ata moun Bondye chwazi yo si yo ta kapab. Veye zo nou, mwen tou di nou sa davans (Matye 24:23-24; Mak 13:21-23). Se pou si yo di nou : *Gade, men l’ nan dezè a!*, nou pa bezwen ale osinon si yo di nou : *Gade, men l’ kache bò isit la!*, nou pa bezwen kwè yo. Menm jan zeklè a fè yan, li klere tout syèl la depi bò solèy leve jouk bò solèy kouche, se konsa Moun Bondye voye nan lachè a gen pou l’ vini (Matye 24:26-27; Lik 17:23-24).

15 SIY KI AP PARÈT NAN SYÈL LA
Men nan tan sa a, apre jou afliksyon sa yo, gen anpil siy ki gen pou parèt : solèy la pap klere ankò, lalin nan pap bay limyè; zetwal yo va sot tonbe nan syèl la, pouvwa yo ki nan syèl la va tranble (Matye 24:29; Mak 13:24-25; Lik 21:25). Sou latè menm, tout pèp yo pral pran tranble, yo pap konn sa pou yo fè douvan gwo bri lanmè a ap fè ak lanm li yo. Gen





Levanse Wayòm
Bondye A

KREOL | CREOLE (HAITI)

moun k'ap mouri tèlman y'ap pè lè ya chonje malè ki pral rive sou latè (Lik 21:25-26).

16 Lè sa a, **na wè siy nan syèl la k'ap fè nou konnen Moun Bondye voye nan lachè a** ap tounen. Lè sa a, tout nasyon ki sou latè va pran kriye, ya wè Moun Bondye voye nan lachè a ap vini anwo nway yo nan syèl la avèk pouvwa nan mitan yon bann bèl bagay. Gwo klewon an va sonnen la voye zanj li yo nan kat rakwen latè pou sanble tout moun Bondye te chwazi yo, depi yon bout nan tè a jouk nan lòt bout syèl la (Matye 24:30-31; Mak 13:26-27; Lik 21:27).

17 Lè bagay sa yo va tanmen rive, leve kanpe, leve tèt nou paske Bondye pap lwen vini delivre nou (Lik 21:28).

18 Epi Jezi di yo yon parabòl : pran leson pye fig frans lan ak tout lòt pyebwa yo. Kou li tanmen boujonnen, kou li pouse fèy, nou konnen sezon chalè a sou nou. **Menm jan tou, nou mèt konnen Moun Bondye voye nan lachè a toupre, li nan papòt la** (Matye 24:32-33; Mak 13:28-29; Lik 21:29-31). Men okenn moun pa konnen ni ki jou ni ki lè bagay sa yo ap rive, pa menm zanj yo ki nan syèl la, pa menm Pitit la, sèl Papa a ki konn sa (Matye 24:36; Mak 13:32).

19 Sa ki te rive **nan tan Noe** a se sa k'ap rive tou lè jou a va rive pou Moun Bondye voye nan lachè a vini. Se konsa nan jou anvan gwo inondasyon an, moun t'ap manje, yo t'ap bwè, moun t'ap marye, yo t'ap marye pitit fi yo konsa konsa jouk Noe te antre nan gwo batiman an. Yo pat konprann anyen nan sa ki t'ap pase jouk lè gwo inondasyon an fèt li pote yo tout ale. Se va menm jan tou lè Moun Bondye voye

nan lachè a va vini (Matye 24:37-39; Lik 17:26-27)

20 Sa ki te rive **nan tan Lot** a va rive menm jan tou: Moun t'ap manje, yo t'ap bwè, yo t'ap achte, yo t'ap plante, yo t'ap bati. Men jou Lot kite lavil Sodòm lan, dife souf grennen sot nan syèl la tankou lapli tonbe sou yo; yo tout peri. Se va menm jan tou lè jou a va rive pou Moun Bondye voye nan lachè a parèt (Lik 17:28-30).

21 Chonje istwa madanm Lot a. Moun ki va chache sove lavi l' va pèdi l', men moun ki va pèdi lavi l' va konsève l' (Lik 17:32-33).

22 M'ap di nou sa: *jou lannwit sa a*, va gen de moun sou menm kabann : y'ap pran youn y'ap kite lòt la. Va gen de fanm k'ap moulèn mayi ansanm: y'ap pran youn y'ap kite lòt la. Va gen de gason nan yon menm jaden. Y'ap pran youn, y'ap kite lòt la (Matye 24:40-41; Lik 17:34-36). Disip yo pran lapawòl yo mande li konsa: "Ki kote sa pral fèt, Mèt"? Li reponn yo, "Kote kadav la va ye, se la votou yo va sanble" (Matye 24:28; Lik 17:37).

23 **VEYE PRIYE**
Se tankou lè yon nonm pati li ale nan vwayaj. Li kite kay li nan men domestik yo pou yo okipe l' pou li. Li bay chak moun travay pa yo pou yo fè. Li bay gadyen pòt la lòd pou li pa dòmi. Se pou tèt sa, pa kite dòmi pran nou paske nou pa konnen ki lè mèt kay la va vini. Se ka aswè, nan mitan lannwit, lè kòk chante, osinon nan maten. Si li rive yon lè nou pa t'ap tann li, piga li jwenn nou ap dòmi (Mak 13:34-36)

24 Si mèt kay la te konnen ki lè nan lannwit la vòlò a t'ap vini, li ta veye, li pa ta kite li kase kay la.

Se pou sa tou, nou menm se pou nou toujou pare paske Moun Bondye voye nan lachè a ap vini lè nou pa ta kwè (Matye 24:43-44).

25 Kenbe kò nou. Pa kite banbòch, bweson ak traka lavi sa a chaje tèt nou pou *jou a* pa rive sou nou lè nou pa ta kwè paske jou sa a ap tonbe tankou yon privyè sou tout moun ki rete sou latè (Mak 13:33; Lik 21:34-35).

26 M'ap di nou sa, pa kite dòmi pran nou. Lapriyè tout tan konsa na gen fòs pou nou chape anba tou sa ki gen pou rive, pou nou ka kanpe dwat douvan Moun Bondye voye nan lachè a (Lik 21:36).

27 Sa m'ap di nou la se vre wi! Gen moun nan jenerasyon sa a ki pap gen tan mouri anvan tout bagay sa yo rive. Syèl la ak tout tè a va pase, men pawòl mwen yo pap janm pase (Matye 24:34-35; Mak 13:30-31; Lik 21:32-33).

**Sila ki chita anwo a, Jezi Kri
Wa dè wa a ap retounen talè
konsa ak tout pisans li nan
mitan zanj ak tout sen yo.**

**Gen krentif pou Bondye, fè
lwanj pou li! Lè a rive! l'ap
vini jije lèzòm; adore Sila ki fè
syèl la, tè a, lanmè a ak tout
sous dlo yo
(Rev 14:7)**

**PA GEN TAN ANKÒ!
Wayòm Bondye a pare.
Repanti epi kwè nan pawòl li.**

**Ann pare nou pou nou ka kontre
Seyè a, Bondye nou an!**



Gade Angel TV
www.angeltv.org

